

**Kontak:**

Lori Howley  
Tufts Medicine  
617-653-5911

Gretchen Hommrich  
Acadia Healthcare  
615-861-6000

**TUFTS MEDICINE AK MELROSE WAKEFIELD HOSPITAL ETABLI YON PATENARYA AK ACADIA HEALTHCARE  
POU KONSTWI YON LOPITAL SANTE KONPÒTMANTAL K AP DESÈVI ZÒN BOSTON**

*Etablisman an pral yon sant ekselans pou sante konpòtmantal*

**BURLINGTON, Mass. and FRANKLIN, Tenn. (30 jen 2022)** – Tufts Medicine, yon gwo sistèm swen sante ki konsantre sou kliyan nan Massachusetts, ak Acadia Healthcare Company, pi gwo founisè endepandanotonòm nan sèvis sante konpòtmantal Ozetazini, te anonse jodi a ke y ap fòme yon antrepriz pou konstwi yon etablisman ki gen 144 kabann pou pasyan ki entène (ki dòmi nan klinik la) pou sante konpòtmantal sou anplasan ansyen Lopital Malden nan Malden, Mass. Etablisman an pral adrese bezwen kritik pou sèvis sante konpòtmantal aksesib ak bonjan kalite pou pasyan tout laj nan zòn Boston ak anviwon li yo.

“Gen yon bezwen kritik pou mwaten adisyonèl nan sante konpòtmantal nan Commonwealth la.” Plan nou pou re-devlope sit Lopital Malden an pou fè l tounen yon Lopital sante konpòtmantal dènye modèl pral ede rezoud pwoblèm aksè a swen ke founisè swen sante nou yo, pasyan yo ak fanmi yo rankontre chak jou,” te di Michael Dandorph, direktè jeneral. nan Tufts Medecine. “Nou jwen fyète nan sèvis Lopital Melrose Wakefield ak Lopital Lawrence Memorial te bay epi plan silaa yo bati sou eritaj swen kalite siperyè ak konpasyon yo te bay pasyan yo depi lontan.

Lopital 144 kabann yo pwopoze a, ki reprezante yon investisman \$65 milyon nan kominote a, pral ofri pou swen pou pasyan ki entène yo ak pwogram swen sante konpòtmantal entansif modèn bay pasyan ekstèn yo pou pasyan ki pa entène yo, pou solisyone pwoblèm asire pèmanans swen ki nesèsè pou sipòte byennèt pasyan yo ak fanmi yo. Kòm nouvo konstriksyon, etablisman an pral ranplase bilding Lopital Malden la epi ofri yon anprint ki pi piti pase estrikti ki egziste deja a. Pwojè a pral mete sou kote tou plis pase nèf kawo tè pou konsèvasyon ak espas ouvè, sa ki kreye benefis dirab pou kominote Malden ak Medford.

Kòm yo deja gen eksperyans pwouve nan travay ak sistèm sante atravè peyi a, Acadia Healthcare kenbe yon angajman pou swen ki santre sou bezwen pasyan ak fanmi li ak bon rezilta klinik.

Christopher Hunter, Direktè Jeneral Acadia Healthcare di: “Acadia kontan anpil pou l kreye patenarya ak yon sistèm swen sante lidè, serye tankou Tufts Medicine, ki pataje misyon ak valè nou yo. Nou espere kreye etablisman modèn sa a ki santre sou pasyan an ki pral bay sèvis enpòtan pou moun ak fanmi atravè rejyon an. Nouvo Lopital la pral tou yon sant ekselans pou anseye pwochen jenerasyon klinisyen yo ak anplwaye yo pou nou ka sèvi kominote a pou anpil ane k ap vini yo.”

Daniel Carlat, MD, Direktè Medikal pou Sikyatri Pasyan ki Entèn nan Lopital Melrose Wakefield deklare: "Nou pran angajman pou satisfè bezwen kominote nou yo epi nou kontan anpil sou plan nou pou nou ofri resous ki pi modèn nan yon etablisman tou nèf ki sipòte angajman nou pou bay bon jan kalite swen ki gen konpasyon." Epi li esplikè tou ke: "Plizyè santèn pasyan, ki gen ladan adolesan, yo entèn nan depatman ijans pou jou plizyè poutèt ensifizans kabann nan kapasite sikyatrik pasyan entèn la. Nou onore pou nou gen opòtinite pou elaji pwogram ak sèvis nou yo pou satisfè kontrent kapasite sante konpòtmantal yo ak bezwen kominote yo atravè yon patenarya ak yon ekspè nan sante konpòtmantal ke yo rekonèt atravè tout peyi a e ki pataje misyon nou ak valè nou yo pou bay bonjan kalite swen.

Pwojè a pral pase nan yon pwosesis revizyon lokal ak regilasyon. Lè yo fini, lopiysl Melrose Wakefield ak Lopital Lawrence Memorial nan Medford pral konsolide sèvis sante konpòtmantal pou pasyan ki entèn yo nan nouvo Lopital la. Konbinezon sèvis yo pral kontribiye nan nouvo sant san parèy pou swen Lopital konplè, epi patenarya a pral chèche ogmante sèvis aktyèl yo lè li devlope yon modèl inovatè pou bay swen pou pi byen entegre sèvis sante konpòtmantal yo.

Tufts Medicine ak Lopital MelroseWakefield pral travay ak kominote a pandan tout pwosesis la, ki enkli òganize yon reyinyon kominotè pou bay plis enfòmasyon sou pwojè a, reponn kesyon rezidan yo epi tandè fidbak kominote a. Enfòmasyon sou angajman kominote a disponib nan Melrose Wakefield.org/MaldenHospFuture.

### **Konsènan Tufts Medicine**

Tufts Medicine se nimewo 1 nan sistèm sante entegre ki rasanble pi bon kalite swen sante akademik ak kominotè pou bay konsomatè Massachusetts benefisyè swen eksepsyonèl, konekte ak aksesib. Tufts Medicine gen plis pase 15,000 manm nan ekip swen devwe li epi li bay plis pase 1.5 milyon pasyan chak ane eksperyans swen bon kalite nan sant medikal Tufts, Lopital jeneral Lowell, Lopital Melrose Wakefield ak Lopital Lawrence Memorial nan Medford; yon rezo swen entèn ki laj ak yon kokenn rezo doktè entegre. Sistèm sante a se prensipal afilye ansèyman prensipal pou Tufts University School of Medicine. Tufts Medicine te kreye an 2014 pou tire pwofi eksperyans òganizasyon manm li yo epi entegre misyon yo pou transfòme fason konsomatè yo an kontak epi fè eksperyans swen yo.

### **Konsènan Acadia Healthcare**

Acadia se youn nan pi gwo founisè sèvis sante konpòtmantal Ozetazini. Nan dat 31 mas 2022, Acadia te jere yon rezo 238 etablisman swen sante konpòtmantal ak apeprè 10,600 kabann nan 40 Eta ak nan Pòtoriko. Avèk plis pase 22,500 anplwaye k ap desèvi apeprè 70,000 pasyan chak jou, Acadia se pi gwo konpayi sante konpòtmantal endepandan nan Etazini. Acadia bay pasyan li yo sèvis sante konpòtmantal nan divès anviwònman, tankou Lopital sikyatrik pou pasyan ki entèn, enstalasyon tretman espesyalize, sant tretman rezidansyèl yo ak klinik pou pasyan ekstèn (ki pa dòmi nan klinik la).



## **Adisyonèl – Kòmantè eli ofisyèl lokal yo**

“Nan Massachusetts ak atravè peyi a, enpak COVID-19 la te lakòz plis moun chèche swen sikyatrik anijans, ki gen ladan tretman pou pasyan ki entènè,” te di Sekretè Sante ak Sèvis Imen Sosyal, Marylou Sudders. “Commonwealth la kontinye bay elajisman sèvis sante konpòtmantal yo priorite pou amelyore tretman moun ak fanmi yo. Agrandisman sa a pral ede adrese bezwen kapasite sante konpòtmantal enpòtan yo epi asire moun yo resevwa bon tretman kote ak lè yo bezwen li.

“Swen sante ta dwe yon dwa imen debaz, men twòp moun nan Massachusetts kounye a gen difikilte pou jwenn aksè ak bon jan kalite swen sante mantal, alè, ak abòdab yo bezwen yo,” Senatè Jason Lewis te di. “Nouvo Lopital sante konpòtmantal modèn sa a pral ajoute nouvo kapasite enpòtan pou sèvi pasyan tout laj nan Malden ak atravè rejyon an. Mwen rekonesan anpil anvè ekip Tufts Medicine, Majistra Gary Christenson, Konseye Amanda Linehan, Repezantan Paul Donato ak tout moun ki te travay pandan plizyè ane pou rasanble pwojè inovatè sa a ki konbine esansyèl sante ak tè konsèvasyon ki pwoteje yo ki pral yon gwo avantaj pou yo. kominote.”

“Pandan plis pase 20 ane, pwojè sa a te yon defi pou Vil la ak distri a. Reyinyon ansanm sou yon solisyon ki ekilibre dezi anpil moun te mande yon vrè travay ann ekip,” te di Majistra Malden, Gary Christenson. “Mwen vle remèsye Tufts Medicine, delegasyon eta nou an, ak Konseye Amanda Linehan pou pasyans ak pèsèverans yo. Mwen konnen Tufts Medicine sensè nan angajman li pou travay an kolaborasyon depi kounye a pandan pwosesis obtansyon pèmi. otorizasyon ak repons a kesyon, epi mwen prese konnen rezilta pwosesis sa a.”

“Sante konpòtman an vin tounen yon pwoblèm enpòtan nan eta nou an,” te deklare Rep. Paul Donato. Mwen kontan wè sit Lopital Malden an retounen sèvi ak swen sante pou satisfè bezwen sa yo. Mwen apresye prekosyon ki te antre nan pwojè sa a, espesyalman angajman pou bay plis espas ouvè kòm yon pati nan redevlopman an. Mwen espere kontinye travay kole kole ak Tufts Medicine nan tout pwosesis lokal ak regilasyon pou asire angajman kominote kontinye epi konsantre sou bezwen kominote a.”

“Atravè Commonwealth la, nou te wè yon ogmantasyon ak bezwen ijan pou sèvis sante konpòtman, patikilyèman nan de (2) ane ki sot pase yo nan pi gwo nan pandemi an,” te di Repezantan Eta Steven Ultrino. “Nan State House la, nou te travay di pou pase lejislasyon konplè sou sante mantal ak konpòtmantal ki elimine baryè nan sèvis sa yo. Mwen espere angaje ak rezidan nou yo epi travay ak patnè nou yo nan Tufts Medicine pou asire etablisman an pral bay bon jan kalite sante konpòtmantal. sèvis ak satisfè bezwen kominote nou an. »

“Plan sa a reprezante yon fason enteresan pou onore tou de istwa sit Lopital Malden an ak volonte pawas la pou bay konsèvasyon priorite isit la,” te di Amanda Linehan, Konseye Malden Ward 3. “Mwen espere plonje tou dwat nan yon pwosesis angajman piblik enklizif ki pral bay rezidan yo opòtinite pou yo aprann sou plan yo epi pataje vizyon yo pou nouvo espas ouvè sa a k ap vini nan vil nou an. Mwen vle espesyalman remèsye defansè lokal yo ki te goumen pandan plizyè ane pou asire ke sante piblik rete nan kè avni sit la. Se yon pwojè nou tout ka fyè.

“Vil Melrose aplodi desizyon Lopital Melrose Wakefield te pran pou renouvle objektif orijinal sit sa a kòm yon etablisman swen sante,” te di Majistra Paul Brodeur. “Rejyon nou an ap fè fas ak yon bezwen pou jwenn aksè nan sèvis sante mantal k ap ogmante, akòz pandemi COVID-19 la. Rezidan espas sa a pral bay rezidan Melrose, Malden ak Medford sèvis Lopital esansyèl e mwen kontan ke agrandisman an pral ede

ranpli vid swen sante nan zòn nan. Vil la ap espere pou l kontinye relasyon li depi lontan ak Lopital MelroseWakefield epi l ap kontinye fè patenarya ak Lopital la pandan plan sa yo ap avanse.

# # #